ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№231 (21.639) ● 2009 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Псалъэ гуапэхэр мыухыжт

●Пшыхь

ДыщэкІ Мадинэ и псалъэ.

Щоджэн А. В. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щыхь тхылыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Сабийхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыным хуэунэтІа псапащІэ лэжьыгъэ илъэс куэдкІэ зэрыригъэкІуэкІам папщІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Щоджэн Анэр Виктор и пхъум** - «VAN MOURIK medical» нэмыцэ фирмэм и лІыкІуэм (зэрылІауэ).

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м
№190-УП

«Анэм и щІыхь» медалыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Сабиитху, нэхъыбэ тэмэму зэрагъасэм папщІэ «Анэм и щІыхь» медалыр етын

Ало Еленэ Хьэзешэ и пхъум - сабий 7-м я анэм
Уэрсей ХьэІишэт Мухьэмэд и пхъум - сабий 5-м я анэм
Ахьмэт Нуржан Мухьэмэд и пхъум - сабий 5-м я анэм
Базукинэ Татьянэ Вениамин и пхъум - сабий 7-м я анэм
Бэрэгъун ФатІимэ Хьэмэзт и пхъум - сабий 6-м я анэм
Блий ФатІимэ Лиуан и пхъум - сабий 9-м я анэм
Бэгъэтыр Лерэ Уэлий и пхъум - сабий 10-м я анэм
Вахтинэ Наталье Владимир и пхъум - сабий 9-м я анэм
Гайер Надеждэ Яков и пхъум - сабий 11-м я анэм
Гуэнгъэнщ Светланэ Рэмэзан и пхъум - сабий 10-м я анэм
ГъуапльащІэ Жанетэ Іэхьед и пхъум - сабий 8-м я анэм
Губэч ХьэІишэт СультІан и пхъум - сабий 10-м я анэм
Девальд Наталье Анатолий и пхъум - сабий 6-м я анэм
Дэдэхьу Борис ПалІэ и кІуэм - сабий 6-м я адэм
Жолаевэ Риммэ Іэмин и пхъум - сабий 5-м я анэм
Журт ФатІимэт Кьарней и пхъум - сабий 10-м я анэм
Кабардуковэ Любовь Кьайсэр и пхъум - сабий 5-м я анэм
Кьардэн Лерэ Михаил и пхъум - сабий 7-м я анэм
Кьардэн Нинэ Хьусен и пхъум - сабий 9-м я анэм
Кьардэн Ритэ Малил и пхъум - сабий 13-м я анэм
Кьурал Симэ Хьэутий и пхъум - сабий 5-м я анэм
Кучмезовэ Зафурэ Ахьмэт и пхъум - сабий 9-м я анэм
Лукьяевэ Забидэ Ахьмэт и пхъум - сабий 9-м я анэм
Макаренкэ Людмилэ Иван и пхъум - сабий 10-м я анэм
Мэкъей Жансурэт Хьэсэн и пхъум - сабий 7-м я анэм
Малкаровэ Сафирэ Азнор и пхъум - сабий 6-м я анэм
Мамбэт Мухьэмэд Мухьэдин и кІуэм - сабий 5-м я адэм
Матнашвили Еленэ Иван и пхъум - сабий 7-м я анэм
Мыд Марие СультІан и пхъум - сабий 5-м я анэм
Рахаевэ Аминат Азнор и пхъум - сабий 11-м я анэм
Тенджиз Мадинэ Мусар и пхъум - сабий 8-м я анэм
ХьэжырокъуэМайе Мухьэмэд и пхъум - сабий 11-м я анэм
Хьуран Іэсият ХьэтІиф и пхъум - сабий 8-м я анэм
Хьуран Леиэ Аслъэныкъуэ и пхъум - сабий 6-м я анэм
Шаповаловэ Татьянэ Николай и пхъум - сабий 5-м я анэм
ЩомахуэІэсият Муштэфар и пхъум - сабий 12-м я анэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м
№191-УП

Социальнэ-лэжьыгъэ Іуэхуэхэр зэблэгъэкІынымкІэ лъэныкъуищ зэхэт Къэбэрдей-Балькъэр комиссэм и зэгъэуІуакІуэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Социальнэ-лэжьыгъэ Іуэхуэхэр зэблэгъэкІынымкІэ лъэныкъуищ зэхэт Къэбэрдей-Балькъэр комиссэм и зэгъэуІуакІуэу гъэувын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Меркуловэ А. В.

2. Кьару имыІэжу кІэлъыгтэн «Социальнэ-лэжьыгъэ Іуэхуэхэр зэблэгъэкІынымкІэ лъэныкъуищ зэхэт Къэбэрдей-Балькъэр комиссэм и зэгъэуІуакІуэм теухуауэ» 2006 гъэм щыщкъэІуи и 31-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым кІыдигъэкІа Указ №119-УП-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт ар кІыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м
№193-УП

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Художествэхэмкіэ Европэм, Урысей Федерацэм я Академиехэм хэт. КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ КІыщ Мухьэдин илъэс 70 зэрырикъуар дыгъэгъазэм и 4-м ди республикэм щагъэлъэпІащ.

МАХУЭМ Лъэпкъ музейм къыщыдзэІуахащ абы и гъэлъэгъуэныгъэ. ЦІыху куэд къекІуэлІат абы, художникыщхъуэм и Іэдакъэщ Іэкіэхэм я нэр къыхуикІыу. Зэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэльащ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием сурэтыщІ гъуаздкэм и тхыдэмрэ теориемкІэ и институтым и унафэщІым и хьыдэз **Гуеев Михаил**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан**, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм лЫыкІуэ къащІахэм ящыщ куэд.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм Музыкэ театрым щекІуэкІащ КІыщым теухуа зэхьхьэ. КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Къумахуэ Мухьэдин** пшыхьыр къызэІуихри, псалъэ иритащ республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **ДыщэкІ Мадинэ.**

- Нобэ Лъэпкъ музейм щытлъэгъуа лэжьыгъэхэм зыхьыуагъащІэ КІыщ Мухьэдин и зэфІэкІыр зэрыниыр, - жиІащ ДыщэкІым. - Апхуэдэуи дяпэкІи дыщогугъ и сурэт гъуэзэджэхэмкІэ дигъэгуфІэну. Абы и Іэдакъэщ Іэкіэхэм хамэ къэралхэм щІэупщІа щаІащ. Дэ дрогущхуэ ди лъахэгъу сурэтыщІ щІэрыІуэм. Абы хуээфІэкІащ и лъэпкъри и щІыналъэри дуней псом фІыкІэ къаригъэцІыхун. Мы пшыхьыр ди республикэмкІэ абы щыпсэухэм я дежкІи мыхьэнщхуэ зиІэ Іуэхущ. КІыщ Мухьэдин ягъэлъэпІэну зэІущІэм кърихьэлІа псоми фІыщІэ фхузощІ.

КъБР-м и Президентым, Парламентым, Правительствэм къабзэдэкІыу КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан КІыщ Мухьэдин ехъуэхъуащ икІи абы и творческэ лэжьыгъэм тепсэльыхьащ.

- КІыщым и сурэтхэм гупысэ куу ящІэльщ, - жиІащ министрым. - Абы Іэзагъ ин хэльу къеГъэсэбэп плъыфэхэр. Мухьэдин и лэжьыгъэу 270-м щІигъу къэраІ 34-м щыІэщ, музейхэм, цІыхухэм ящрохъуэу. КІыщым и ехъулІэныгъэхэм папщІэ къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапІэ куэд. Къыхэгъэщыпхъэщ сурэтыщІыр псапащІэ Іуэхуэхэми жыджэру зэрыхэтыр.

Художествэхэмкіэ Урысей Къадемием къыбгъэдэкІыу къэпсэльащ абы щІыпІэ зэрэмыдэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и кІуэдамэм и унафэщІ **Хабаровэ Маргаритэ**. Абы псалъэ гуапэ куэд хужиІащ КІыщым, къыхигъэщащ Художествэхэмкіэ Урысей Академием зэрыхагъэхьар хуэфащэ дыдэу къыщэриІытэр.

Пшыхьым къыщагъэпсэльащ Урысейм и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь **Умарсултанов Вахэ.**

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан гъэлъэгъуэныгъэр къыщэІуех.
Сурэтхэр **ЕЛЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

(КІэухыр 2-нэ нап.).

●Бахъсэн куей

Зэраубзыхуам тету

«Муниципальнэ гъэсэныгъэр зэгъэпэщыжын» республикэ программэ хэхам ипкъ иткІэ. Бахъсэн районым и къуажэхэм я уэрамидым зы километрэ метр 700-м гъэсэгъуэр зыхуей щыхуагъаз.

ИСЛЪЭМЕЙ, Кременчуг-Константиновскэ жылагъуэхэм Мамырыгъэм, Хъупсыдржным, Советым, Темботым я цІэкІэ щыІэ уэрамхэм а лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІ.

Бахъсэнеркэ щауха куэрыт еджапІэм №3-м метр 410-рэ хъуэ екІуапІэ гъэсэгъуэм асфальт трАльхащ.

Псори зэхэту къуажэ муниципальнэ гъэсэгъуэр зэгъэпэщ щыІэм республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 3-рэ мин 670-рэ хухахащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Лъэпкъ щэнхабзэхэмкІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я фестиваль иджыблагъэ щекІуэкІащ Экономикэмкіэ, статистикэмкІэ, информатикэмкІэ Москва дэт къэрал университетым (МЭСИ).

ЛЪЭПКЪ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм, гъуаджэм, тхыдэм щыгъуазэ зыхуащІыну Іэмал ягъуэтащ зэІущІэм хэта студентхэмрэ абы кІурихьэлІа хьэщІэхэмрэ.

Зэпеуэм хэтахэм къэфэныкІэ, уэрэд жьІэныкІэ, лъэпкъ Іуэрыдуэтэмкіэ, нэгъэущІэхэмкІи я зэфІэкІыр къагъэлъэгъуащ. Студентхэр къикІат Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингушым, нэгъэущІ щІыпІэхэми.

Фестивалым и жюрим ещанэ увыпІэр иратащ Таджикистаным къикІа гупым, етІуанэр - Ингушымрэ Шэшэнымрэ. ТекІуэныгъэр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ зэгъусэу ягъэхъэзыра гъэлъэгъуэныгъэм. Абыхэм зэпеуэм кърихьэлІахэм наІуэ щащІащ я щІыпІэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызыхэщ теплъэгъуэхэр. Абыхэм махуэшхуэм кърихьэлІа дэтхэнэ зыми гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ иратащ.

Мы зэІущІэр студентхэм къахуэзэныгъэпэщари езыгъэкІуэкІари МЭСИ-м и ректораты ращ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Марьянэ.

Зэгурыіуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я махуэшхуэ

ЛЪЭПКЪ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм, гъуаджэм, тхыдэм щыгъуазэ зыхуащІыну Іэмал ягъуэтащ зэІущІэм хэта студентхэмрэ абы кІурихьэлІа хьэщІэхэмрэ.

Зэпеуэм хэтахэм къэфэныкІэ, уэрэд жьІэныкІэ, лъэпкъ Іуэрыдуэтэмкіэ, нэгъэущІэхэмкІи я зэфІэкІыр къагъэлъэгъуащ. Студентхэр къикІат Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингушым, нэгъэущІ щІыпІэхэми.

Фестивалым и жюрим ещанэ увыпІэр иратащ Таджикистаным къикІа гупым, етІуанэр - Ингушымрэ Шэшэнымрэ. ТекІуэныгъэр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ зэгъусэу ягъэхъэзыра гъэлъэгъуэныгъэм. Абыхэм зэпеуэм кърихьэлІахэм наІуэ щащІащ я щІыпІэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызыхэщ теплъэгъуэхэр. Абыхэм махуэшхуэм кърихьэлІа дэтхэнэ зыми гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ иратащ.

Мы зэІущІэр студентхэм къахуэзэныгъэпэщари езыгъэкІуэкІари МЭСИ-м и ректораты ращ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Марьянэ.

Дыгъэгъазэм и 10 - 13-хэм Налшык щекІуэкІыщ «Іуащхьэмахуэ и Кубок» тхэкІводомкІэ III Дунейпсо зэпеуэм зэрызыхуагъэхьэзырым мэрем кІуам журналистхэр щыгъуазэ ящІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі, Тхэкводомкіэ федерацэм и президент Чеченов Ануарр федерацэм и гъэзэщІакІуэ директор Щокъар Хьэрэтр.

- МЫ ГЪЭМ Налшык щекІуэкІа Ищхъэ Федеральнэ щІыналъэм тхэкводомкІэ и федерацэхэм я конференцым жэрдэм кІыщыхэтлъхьауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым междуароднэ зэхьэзэхуэщхъуэ щедгъэкІуэкІыну, - къыщидзащ псальэмакъыр Чеченовым. - Абы хьэзэхэсахэр арэзы техьэщ икІи Тхэкводомкіэ дунейпсо федерацэм лъэІу тхьылъыр хуедгъэхьащ. Мыгувэу федерацэм и лІыкІуэхэр Налшык къакІуэри зэхьэзэхуэр щедгъэкІуэкІыну пэшым, республикэм спорт пІуэжьыгъэм щигъэт зыужьыныгъэм щыгъуазэ защІащ икІи ди жэрдэмыр кьыддаІыгъащ.

КъБР-м и Тхэкводомкіэ и федерацэм и гъэзэщІакІуэ директор Щокъар Хьэрэтр и къэпсэльыгъэм къызэрыхэщамкІэ, республикэм и Правительствэм щигъэт къызэрыхэщамкІэ, республикэм и районибгъум тхэкводом щыхуаГъасэ спорт школхэр щолажъ. Уеблэмэ, Прохладнэ куейм сабий минихым щІигъу къызэзщІрагъэубыдэнущ. Ар зэрекІуэкІыр КъШР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и нэІэ щІэтынущ.



Егъэджэныгъэр ирагъэфІакІуэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Парламентым и комитетым и унафэщІ Удычак Юрий иджыблагъэ зэрыжІамкІэ, 2010 гъэм Адыгейм сабийхэр пщІэнщІэу щегъэджэным щыпІэ бюджетым сом мелуан 977-м нэблагъэ хухинущ.*

- ЕДЖАКІУЭкъэс текІуэдэну ахъшэр иджыпсту дыубзыхуу щытмэ, школхэм я бюджетыр нэхъ тыншу зэхэгъэзыжынущ, унафэщІхэмэ егъэджэныгъэ программэм хагъэхьэуну Іэмал ягъуэтынущ. Сабий кьэс хуэзэу ар сом мини 9,5-м щыщІэдзауэ мин 40-м ноблагъэ, - жиІащ Удычак Юрий.

Я зыгъэпсэхугъуэм щІэгупсысу

КЪЭРЗЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Сабийхэм я узыншагъэр зэтегъэузэжыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэм республикэм 2010 гъэм сом мелуан 49,5-рэ тригъэкІуэдэну и мурадщ. Абы теухуа унафэм и проект щыпІэ правительствэм иджыблагъэ игъэхьэзыращ.*

ПРОЕКТЫМ къызэрыхэщІыкІ, узыншагъэр зэтегъэузэжын Іуэхугъэхэм республикэм и министр Лавров Сергей, щэнхабзэмкІэ и министр Авдеев Александр, зыужьныгъэныгъэмкІэ и министр Сердюков Анатолий, нэгъэущІэхэри.

ЗэрызэхуагъэфащэмкІэ, ахэр топсэльыхь фармацевтикэм, энергетикэм, налкъут кІыщІэхыным теухуауэ къэралІтыр зэрызэдэлажьэфыну щыкІэм.



♦УФ-м щІыхь зиІэ и уэрэджьыкІуэ цІэрыІуэ **Шэрий Иринэ** къыщыдалъхуа махуэщ.
♦Адыгэ сурэтыщІ дыщэкІ **Еутых Іэсиет** къыщалъхуа махуэщ.
♦**Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 26-м. къухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 29-м.**
♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 23-рэ.**

Планэлэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

●Іуащхьэмахуэ и Кубок

Зэхьэзэхуэм екІуу зыхуагъэхьэзыр

бийхэм ядолажьэр етхуанэ дан зиІэ Корее Ищщм щыщ тренерщ. - Ди республикэм мы спорт лІэужьыгъуэмкІэ зыныгъэзэну гукъыдэж зиІэ сабийхэр куэд мэхъу, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщ, абыхэм ядолэжьэфын тренерхэр кьыдомэщІокІ, - жиІащ Щокъарэм. - Абы кьыхэкІкІэ Корее Ищщм зэгурыІуэныгъэ етщІыпІащ ди ІэщІагъэлІкэр тхуагъэхьэзырыну, илъэс кьэсмазэкІэ ди спортсменхэм абы зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну. Апхуэдэуи ди мурадщ, Ищщ Федеральнэ щІыналъэм и спортсменхэм папщІэ олимп резервым и центр Налшык къыщыгъэІутхыну.

ЗэІущІэм хэтахэм кьызэрыхагъэщамкІэ, дунейпсо зэпеуэр къызэгъэпэщыным екъэлІа Іуэхугъуэхэр кьанэ щымыІэу зэфІэгъэкІащ. Фигу къыдгъэкІыжынщи, «Іуащхьэмахуэ и Кубок»-м щІэбэныныщ къэрал 11-м къикІа спортсмен 450-рэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

БыныфІэхэр ягъэпажэ

ЩІыпІэ правительствэм и унэм иджыблагъэ щагъэлъэпІащ Къэрэшей-Шэрджэсым сабинтху е нэхьыбэ къэзылъхуа анэ быныфІэхэр.

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэм хэта республикэм и президент Эбзеев Борис ягъэлъапІэхэм яритащ «Анэм и щІыхь» бгъэхэІу дамыгъэхэмрэ удз гъэщІэгъэнрэ.

- Си фІэщ мэхъу щІыхьгъэм, нэмысым, зауагъэм лъабжьэ яхуэхъур анэхэрауэ зэрыщытыр. Фэ куэдкІэ фэльытащ унэм, унагъуэм, республикэм и Іэну лъэщагъэр, быдагъыр, - жиІащ Эбзеевым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Хъыбарегъащіэ

Концертым фыкІуэ

КъБР-м и Композиторхэм я союзыр къызэрызэрагъэпэщ гъэ илъэс 50 иракъуащ. ЗэфІэкІышхуэ иІэу къикІауэ гъуэгуанэ кІыхьыр а зэгухьэныгъэм. РСФСР-м, СССР-м и щІыналъэхэм фІыцІу къыщащІыку композиторхэру Балэ Мухьэдин, Кьардэн Хьэсэн, Авраамов Арсений, Шахталдэн Артемий, Шейблер Трувор, Молэ Владимир, ХьэІупэ Джэбрэил, Жеттеев Мусэфир, Блай Тамарэ, Османов Нихьэт, Бэрэгъун Владимир, Кьэзан Аслъэндэрий, Темырыкъан Борис сымэ, нэгъуэщІхэми я фІыщІэщ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм профессиональнэ музыкэ яІэ зэрыхьуар.

Дыгъэгъазэм и 10-м сыхьэт 17-м щІидзэу Къэрал концерт гъэлъэгъуэнІэм щекІуэкІынущ Композиторхэм я союзыр илъэс 50 зэрырикъуам теухуа пщыхь. Ди композиторхэм я Іэдакъэщ ІэкІ зэхьыфІ дыдэхэр ягъэзэщІынущ Темырэкъан Борис зи унафэщІ Къэрал симфоническэ оркестрымрэ филармонием, Музыкэ театрым я зэрэджьІакІуэхэмрэ. Концертым хэт хуейми епльыфынуц. Ар ди композиторхэм профессиональнэ музыкэм хуэзэшахэм хуащІ тыгъэщ.

ИСХЬЭКЪ Лианэ.

УзыкІыну хущхъуэхэр

Еврокомиссэр ирогузавэ хущхъуэ нэпцІхэм я бжыгъэм кІуэ дэтми зэрыкъэхъуэм.

- ЕС-м хьихьэ къэралыгъуэхэм мазитІым кьурибудэу таблеткэ нэпцІу мелуан 34-рэ наІуэ кьыщцыхьащ! Ар нэхъ Іей дыдэу дызыпэплъам нэхъри нэхъ шынагъуэжщ, - жиІащ Еврокомиссэм и унафэщІым и къуэдзэ Верхойген Гюнтер.

Абы къызэрыхигъащамкІэ, иджыпстукІэ къэпщэхуну шынагъуэщ антибиотикхэр, узыр зыгъэувыІэ, лыщх узым пэщІэт хущхъуэхэр.

КъыхэгъэщІапхъэщ Еврокомиссэр бэлыхь хэзыдза хущхъуэхэр Индием къызэрыраШыр. Верхойген щогуфІ 2010 гъэм хущхъуэ нэпцІхэр Европэм къызэрыраШэ щІэкІэри къизышэри зэхэгъэкІа хьуну.

Тхьэмахуэ махуэм Ангарск къыщцыуа заводым къулейзысыгъэшхуэ къишэнкІэ шынагъуэ щыІащ. ЩІыпІэ МЧС-м хьыбар къызэритамкІэ, заводыр къыщцыуам щыгъуэ абы пэгъунэгъуэ щыт унэр зэхэщэщІащ, зы цІыху хэкІуэдащ. МЧС-м и лэжьакІуэхэр псынщІэу къызэрысам и фыгъэкІэ завод къэуам мафІэс къыщцыуакъым.

- Органикэ синтезхэр щрагъэкІуэкІ заводыр къыщцыуам щыгъуэ хьэуар зыуцІэпІыкІэ хьуну реагент гуащІэхэр щІэтакъым. Зым щхьэкІи фыкІыгъэавэ, щцыуэпсым сэкъат игъуэтакъым, - жиІащ щцыпІэ МЧС-м и унафэщым.

Зэдэлэжьэну зэгурыІуэ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Индием и премьер-министрым ІущІащ.

Сингх Манмохан Урысейм щохьэщІэ. Зэпсэльэныгъэхэм хэтщ Президентым и дэІэпыкъуэгъуэ Приходькэ Сергей, УФ-м хамэ къэралІуэхуэхэмкІэ и министр Лавров Сергей, щэнхабзэмкІэ и министр Авдеев Александр, зыужьныгъэныгъэмкІэ и министр Сердюков Анатолий, нэгъэущІэхэри.

ЗэрызэхуагъэфащэмкІэ, ахэр топсэльыхь фармацевтикэм, энергетикэм, налкъут кІыщІэхыным теухуауэ къэралІтыр зэрызэдэлажьэфыну щыкІэм.

Шынагъуэ щыІэкъым

Ангарск къыщыхьуа насыпыншагъэм хьэуар иуущІэпІыкъым.

Лъэпкъ Іущігъэ:

Іуэхутхьэбзэри щІыхуэщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі Іэ псоми.

Ди индексыр 51531

Аргуэру арэзыкъым

Лупу Мариан Молдавием и президенту хахьи папщІэ зы мащІэ тІэкІу хуримыкъужащ.

Мы илъэсым кьурибдзу а къэралым и Парламентыр щэяжь итащ президентыр хихыну, ауэ зыри къикІакъым. Иджыблагъэ екІуэкІа ещанэ хэхьныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Молдавием и Парламентым и унафэщІу щыта Лупу Мариан текІуэн щхьэкІэ депутат 61-м и Іэр лІэтын хуейт, ауэ 53-рац абы а къулыкъур хуэзыгъэфащар. Аращи, 2010 гъэм иджыри пащэнчэ Парламентым щыІэ фракцэхэр зэрызэныкъуэкъум.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэралымрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ зэрызэдэлажьэнур яубзыху

Республикэм законэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэпэщIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

ДЕПУТАТХЭР едэIуащ КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ паратым и лэжьыгъэм теуха информацэм. А палатэм и унафэщI Бештокъуэ Бесланэ зэрыжиIамкIэ, парламентар ныбжьыщIэхэр щIэх щIэхыурэ щIалэгъуалэм яIуогIэ, абыхэм щIалэгъуалэ политикэм ехьэлIа законодательствэр къызэрезэгъэпэщIащ, КъБР-м и Парламентым и зэпэщIэхэм, парламент едэIуэныгъэхэм, законкэр къыдэзыгъэкI органым къызэригъэпэщ нэгъуэщI зэпэщIэхэм жыджэру хэтщ. Къэпсалъэм апхуэдизу къыхичъэщащ ахэр республикэм и жылагъуэ гъащIэми быдзу зэрыпыщIар. ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр студентхэмрэ школакIуэхэмрэ хуощIэ, гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр, псапащIэ Iуэхухэр къызэрагъэпэщ.Ди парламентар ныбжьыщIэхэм Ипщэ федеральнэ округым и субъектхэм законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм я щIалэгъуалэ парламент гупхэм ядэлажьэнымрэ теухуа зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ.

Президиумым эхтхэм жаIащ КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьакIэр къаззыщIыхьр. Депутатхэм къызэралъытэмкIэ, ахэр законхэр гъэхъэзыныным хэзгъэзэуэ КъБР-м и Парламентым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм нэхъ жыджэру хэтыпхъэщ.

КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я IуэхущIапIэм и комитетым и унафэщI Хъэщхъуэжь Татьянэ къигъэлъэгъуащ мы щIалэгъуалэ парламент гупыр япэ дыдэу республикэм иджы къыщыдэзращIэрэ гъэпэщар икIи абы зэрыщыгугъа псори зэкIэ нэгъэсауэ зэрыхуэзэфIэмыкIар. Палатэм хэтхэм ефIэкIыныгъэ гуэрхэр яIэу щыткъым, ар псом япэу жуэхыпсыгъэщхуэ зыпылъ жылагъуэ лэжьыгъэу аращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIалэгъуалэмрэ зыхуэфащэ Iэмалхэр кьахуэзгъэпэщ гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым яхуэзгъэзауэ абыхэм яIэ мурадкэр пхагъэкIыныжмкIэ.

Адэжь депутатхэм зэгурыIуащ Парламентым и зи чэзу зэпэщIэр щрагъэкIуэкIыну пIалъэмрэ абы къыщыхальхьэну Iуэхуэхэр зыхуэдэмкIэ. Президиумым кьищта унафэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэпэщIэр 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 22-мрэ 23-мрэ екIуэкIынущ икIи абы Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щыхэплъэнущ, абыхэм ящыщу «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ» законым и проектым етIуанэ къеджэгъэзу тепсэлъыхьынущ.

Комиссиям и унафэщIэу Дадэ МуIэед, Бэшорэ Хьэмид, Мэремыкъу Сэфарбий, Законхэр къыдэгъэкIынымрэ хэрэзат уэхэмкIэ комитетым и унафэщI и къуэдзэ Тату Арсен сымэ къыхальхьэри, депутатхэр хэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щыхэзгъэкIынымрэ зэрыгъэзэжынымрэ хэлъхьэныр. Ахэр хузунэтIащ республикэм и хабзэ мардэхэр Урысей Федерацэм и законодательствам хальхьэжа зэхъуэкIынымрэ зэрыгъэзэжынымрэ. Мы документхэр депутатхэр елэжьынымкIэ щIэхуэхьащ.

Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым Президиумым и субъектхэм законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм я щIалэгъуалэ парламент гупхэм ядэлажьэнымрэ теухуа зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ.

Президиумым эхтхэм жаIащ КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьакIэр къаззыщIыхьр. Депутатхэм къызэралъытэмкIэ, ахэр законхэр гъэхъэзыныным хэзгъэзауэ КъБР-м и Парламентым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм нэхъ жыджэру хэтыпхъэщ.

КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщI Хъэщхъуэжь Татьянэ къигъэлъэгъуащ мы щIалэгъуалэ парламент гупыр япэ дыдэу республикэм иджы къыщыдэзращIэрэ гъэпэщар икIи абы зэрыщыгугъа псори зэкIэ нэгъэсауэ зэрыхуэзэфIэмыкIар. Палатэм хэтхэм ефIэкIыныгъэ гуэрхэр яIэу щыткъым, ар псом япэу жуэхыпсыгъэщхуэ зыпылъ жылагъуэ лэжьыгъэу аращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIалэгъуалэмрэ лэжьакIуэхэмрэ зыхуэфащэ Iэмалхэр кьахуэзгъэпэщ гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым яхуэзгъэзауэ абыхэм яIэ мурадкэр пхагъэкIыныжмкIэ.

Адэжь депутатхэм зэгурыIуащ Парламентым и зи чэзу зэпэщIэр щрагъэкIуэкIыну пIалъэмрэ абы къыщыхальхьэну Iуэхуэхэр зыхуэдэмкIэ. Парламентым кьищта унафэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэпэщIэр 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 22-мрэ 23-мрэ екIуэкIынущ икIи абы Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щыхэплъэнущ, абыхэм ящыщу «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ» законым и проектым етIуанэ къеджэгъэзу тепсэлъыхьынущ.

Комиссиям и унафэщIэу Дадэ МуIэед, Бэшорэ Хьэмид, Мэремыкъу Сэфарбий, Законхэр къыдэгъэкIынымрэ хэрэзат уэхэмкIэ комитетым и унафэщI и къуэдзэ Тату Арсен сымэ къыхальхьэри, депутатхэр хэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щыхэзгъэкIынымрэ зэрыгъэзэжынымрэ хэлъхьэныр. Ахэр хузунэтIащ республикэм и хабзэ мардэхэр Урысей Федерацэм и законодательствам хальхьэжа зэхъуэкIынымрэ зэрыгъэзэжынымрэ. Мы документхэр депутатхэр елэжьынымкIэ щIэхуэхьащ.

Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым Президиумым и субъектхэм законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм я щIалэгъуалэ парламент гупхэм ядэлажьэнымрэ теухуа зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ.

Президиумым эхтхэм жаIащ КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьакIэр къаззыщIыхьр. Депутатхэм къызэралъытэмкIэ, ахэр законхэр гъэхъэзыныным хэзгъэзауэ КъБР-м и Парламентым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм нэхъ жыджэру хэтыпхъэщ.

КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщI Хъэщхъуэжь Татьянэ къигъэлъэгъуащ мы щIалэгъуалэ парламент гупыр япэ дыдэу республикэм иджы къыщыдэзращIэрэ гъэпэщар икIи абы зэрыщыгугъа псори зэкIэ нэгъэсауэ зэрыхуэзэфIэмыкIар. Палатэм хэтхэм ефIэкIыныгъэ гуэрхэр яIэу щыткъым, ар псом япэу жуэхыпсыгъэщхуэ зыпылъ жылагъуэ лэжьыгъэу аращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIалэгъуалэмрэ лэжьакIуэхэмрэ зыхуэфащэ Iэмалхэр кьахуэзгъэпэщ гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым яхуэзгъэзауэ абыхэм яIэ мурадкэр пхагъэкIыныжмкIэ.

Рахаев Анатолий и хъуэхъу.

КIыщ Мухьэдинрэ Жаклин Моссрэ. *Сурэтхэр* ЕлЪКЪЭН Артур *тIухащ.*

Псалъэ гуапэхэр мыухыжт

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм цIыху 20000-м щIигъу хэтщ, Урысеим хиубыдэу Iуэхуущ IапIи 104-м щылажьэу. Абыхэм къабгъэдэкIыу КIыщ Мухьэдин дохъуэхъу нобэрей махуэмкIэ, - жиIащ Умарсултановым. - Мухьэдин хьэл-щэн дахэ куэд хэлъщ. Абыхэм ящыщщ ар цIыху гуапэу, зэпIэзэрыту зэрыщытыр. Лэжьыгъэ гъуэгуанэ къэзыгъэщIыфэхэм ящыщ Мухьэдин, - кIыхирэщащ абы икIи Урысеим я сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу дыщэ медаль къиратащ.

КIыщым и махуэ лъапIэмкIэ къехъуэхъуу къэпсэльащ Москва, Адыгейм, Абхъазыи, Ингушым, Дагъыстаным, Ставрополь крайм къикIахэм ящыщ. ЗэIущIэм пищэу, Къумахуэр жьджащ КIыщ Мухьэдин кьызэрехъуэхъу телеграммэхэм. Ахэр къыбгъэдэкIырт Испаниеми и ДыкIуэу УФ-м щыIэм, Москва дэт Къэралыгъо консерваторэм и унафэщIым, Ростов областым щэнхабзэмкIэ и министрым, Къаламыкъым и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым, Испаниеми, УФ-м щэнхабзэмкIэ я министер ствэхэм, Урысеим и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и секретариатым, нэгъуэщI хэмэ.

ГъуэзджэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым щIыхь зиIэ и профессор цIэ лъапIэр КIыщым къызэрыфIащар пшыхьым щыжиIащ а институтым и ректор **Рахаев Анатолэ.**

Композитор **ХьэIупэ Джэбрэ Iиа,** ПщэжьмрэрыпIэ и Iэтащхьэ, **Мамбэт Михаил** , нэгъуэщIхэми ди лъахэгъуэм псалъэ гуапэ куэд хужаIащ.

ЗэIущIэм и кIэухым **КIыщ Мухьэдин** псалъэ иратащ. Абы фIыщIэ яхуищIащ гугъу зыкъыдезыгъэхъэ псоми.

Пшыхьэр ягъэдэхащ хэрэджьIаКIуэхэу Сокъуэ Ольгэ, Хьэжьрокъуэ СулътIан, Нежинэ Маринэ, Гуаэз Тимур, ТхьэгъэлэджСветланэ, «Терские казаки» гупым, Бэч Азэмэт, Мамбэт Мадинэ, КIыщ Иннэ сымэ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Хъуэ хъу

УэркIэ допагэ икIи догуфIэ

Адыгэпсэр дунейм къыщызыгъэлыдхэм, вагъуэ зэмыфэгъуэу дунеижьым тетым адыгэ вагъуэ быным пщIыпIщIэ лыпду хэувэ КIыщ Мухьэдин, абы и щхьэгъусэ гуапэу, адыгэ нысэ дахэу Жаклин Моссэ!

Нобэ дывдэмыщIыгъуфми, абы и щхьэусыгъуэр адыгэ лъэпкъым и тхьэдэхыр кином идгъэзэжу дызэрыпелэжьыхьащ. А Iуэхугъуэм дыкъыпрыкIыфакъым, ауз псэкIэ цIыхур цIыхум дэщIыгъуэр пэжщи, сэри Iюби нобэ фи махуэ лъапIэм дывигъусэщ. Алыхьу дыкъэзыгъэщIам зэгуфIыгъ къыхилъхьам, Мухьэдин, хуэфащэ насып къыпигъэувыну нухати, мис дунейм хуэм и цIэр лъагэу щаIэтыр, Адыгэ сурэтыщI жебгъэIэу дунейпсо цIыхур къыдэбгъэлъапIащ. Ар адэкIэ нэхъ жьыжьэж кIуатэну Тхьэм къыщIигъэкI. Уи Iэщагъэм и сфIыгъэр ди лъэпкъым уифI зэребгъэкI Iуэхугъэщи, уяжьащIыкIынщIыхьэ сымым щыгъуи гъэгъунэгъу Аныхьым уищ.

Уэ фIыщIи щытхъуи уи цIэр нобэ хузнысхъуэжьым! Гугъуэхъ куэдми бэлыхь мымащIэхэм къурышбгъэм хуэдэу уащхьэпырыкIри, уафэгъэм уи лъэпкъым и цIэр дунейм фэгъэ тетым я нэхъ дахэмкIэ иптхащ. Ар уэ езым уи лIыгъэщ, уи напэщ, уи Iущагъщ.

Дэ нобэ дыбдэщIыгъущ, уэркIэ дыпагэу, дыгуфIэу икIи дыпасыпыфIэу. Апхуэдизу Аныхьым куэдрэ укъытхигъэт, ди Мухьэдин лъапIэ!

ПсэкIэ нобэ псэущIыгъуэжу **КЪАНДУР Мухьэдинрэ БЭЛАГЪЫ Любэрэ.**

● ЗэIущIэхэр

ЩIэгъуэзэн щыIэжкъым

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Дышэкl Мадинэ дыгъэгъазэм и 4-м иригъэкIуа медицинэм и лэжьакIуэхэр зыхэт зэпэщIэ.

АБы кьрихьэлащ КъБР-м узыншагъэр хьумэныкIэ и министр **Бицу Вадим,** республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымрэ и министрым и къуэдзэ **Амщокъуэ ФатIимэ,** Роспотребнадзорым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **ХьэцIыкIу Климентий,** КъБР-м гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ и центрым и унафэщI **Вайсман Илья** , Узыншагъэр хьумэнымрэ социальнэ зыужьынымрэ зэпэщIэ и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щIытыкIэм, щIыхуэкI, псом хуэмыдэу Хэку зауэшхуэм хэтхэмрэ абы ныкъуэ дыкъуэ щыпсоу япэ игъэщIыпхьэу кьыдэзрильытэр, медицинэм и лэжьакIуэхэм я узыфэхэм земыгъэуфIгъуныр, ар зэуэлIахэм зыужьэ хущхъуэхэр и чэзум ирахьэлIэныр я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Хьэпакlэу Климентий псалъэ щратым жиIащ А/Н1N1 гриппым зиубгъуныкIэ шынагъуэ республикэм зэрыщымыIэр, кьапщтэмэ а узыфэр иужьрей зэманым нэхъ зэрыщыщ зэманым епльытмэ, процентри 2,3-кIэ нэхъыбэщ сымаджэхэм я бжьыгъэр. А узым зимыубгъун папщIэ щIыхь мин 25-м мастэ яхэтлъхьэн хуейщи, процент 14,2-м ар зрахьэлIащ, мыгувэу адрейхэм дальэсынущ.

Гриппым зэрыпэщIэт хущхъуэхэр иджьпсту гъуэгытIуэрей зэряхъуэм щIыхуэ кIэуэ егъэтхьэусыхэ. Абы теухуауэ къыщыпсалъэм Инжьыкокъуэ Сэфарбий жиIащ интерфероныр аптекэхэм зэрещIэмыльыр, иджьпсту а хущхъуэмкIэ къызэрэпэщар Налшык кьалэ сымаджэщым и закъуэу зэрыщытыр, арбидолыр нэхъ къэгъэтIыгъуафIэ зэрыхъуар.

Бицу Вадим и псалъэм къыхэщащ а хущхъуэхэр щIэхуэ зэрызэбгркIым кьых жIыу, и уасэм хуэдитI-щы аптекэхэм зэрыщыщIагъэжыр, апхуэдэ щыкIэкIэ хабзэм ебакъуэхэм зэрыпэщIэтым Iэмалхэр кьылъхьэну зэрыхуейр. Апхуэдэу министрым жиIащ республикэм и сымаджэщхэмрэ профилактикэ Iэнатlэхэмрэ зыхуеиным хуэдэу хущхъуэкIэ кьыхуэзгъэщIэну, зэрыщIэхуэ хъуэу я кьекIуэлIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрязэхэнымрэ хуэхьэзыру зэрыщытыпэкIэ.

«Дохутырхэр ветеранхэм я зэракIэпыплъым и гугъу щIыкIэ, тхьэусыхэр зэрещIэмащIэкIым, - жиIащ Бицум. - Ар кьызыхэкIыр медицинэм и лэжьакIуэхэр и лэжьыгъэм зэреплъыгъуэщ. Нэхьапэкlи зэрыжьыгъащ, апхуэдэ ди нэхъыжьыфIэхэр сымаджэщым щIэхуамэ, пэш щхьэхуэ я яIэу, дохутыр нэхъыщхьэм и нэхъм щIэту щытын хуейщ. Абыхэм зэрелъэгъкIэ тхьэусыхафэ щыIэмэ, абы кIэпыпIэ дохутырым тKIийуэ жуэап ихьынущ.

щхьэщэмыщIиэз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 17-м кьыдигъакIэ У нафэ №16-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукl э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м №253-ПП

Бюджет мылькур нэхъ тэмэму зэгъэзэхуэн икIи псом кьагъэсэбэн автомобиль гъэзэгу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ щIыналъэ марадхэм тету зехьэныр кьызэрэпэщIым мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэгу хозяйствэр тэмэму лэжьэныр кьызэрэпэщIымкIэ эфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхуэкl э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 17-м кьыдигъакIэ У нафэ №16-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи щIыналъэ, муниципальнэ автомобиль гъэзэгу, абыхэм тет ухуэныгъэу 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ ахьшэкIэ зэрагъэпэщыжьнуэм я титул спискэу абы щIигъур щIэуэ къэхъыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мэлылъфэгъуэм и 6-м кьыдигъакIэ У нафэ №81-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукl э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлылъфэгъуэм и 22-м №255-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт щкол» кьэрал Iуэхущ Iапl э кьызэрэпэщIымкIэ и Iуэхукl э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мэлылъфэгъуэм и 6-м кьыдигъакIэ У нафэ №81-ПП-м мы кьыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) пункт 2-р мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуэн: «2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт щкол» кьэрал Iуэхущ Iапl э кьызэрэпэщIымкIэ и Iуэхукl э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мэлылъфэгъуэм и 22-м кьыдигъакIэ У нафэ №255-ПП-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Чеченов Ануар.

ДЕПУТАТХЭР едэIуащ КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэм теуха информацэм. А палатэм и унафэщI Бештокъуэ Бесланэ зэрыжиIамкIэ, парламентар ныбжьыщIэхэр щIэх щIэхыурэ щIалэгъуалэм яIуогIэ, абыхэм щIалэгъуалэ яIуогIэ «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхукl э» законым и проектым етIуанэ къеджэгъэзу тепсэлъыхьынущ.

Комиссиям и унафэщIэу Дадэ МуIэед, Бэшорэ Хьэмид, Мэремыкъу Сэфарбий, Законхэр къыдэгъэкIынымрэ хэрэзат уэхэмкIэ комитетым и унафэщI и къуэдзэ Тату Арсен сымэ къыхальхьэри, депутатхэр хэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щыхэзгъэкIынымрэ зэрыгъэзэжынымрэ хэлъхьэныр. Ахэр хузунэтIащ республикэм и хабзэ мардэхэр Урысей Федерацэм и законодательствам хальхьэжа зэхъуэкIынымрэ зэрыгъэзэжынымрэ. Мы документхэр депутатхэр елэжьынымкIэ щIэхуэхьащ.

Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт Iуэхумкlэ комитетым Президиумым и субъектхэм законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм я щIалэгъуалэ парламент гупхэм ядэлажьэнымрэ теухуа зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ.

Президиумым эхтхэм жаIащ КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьакIэр къаззыщIыхьр. Депутатхэм къызэралъытэмкIэ, ахэр законхэр гъэхъэзыныным хэзгъэзауэ КъБР-м и Парламентым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм нэхъ жыджэру хэтыпхъэщ.

КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщI Хъэщхъуэжь Татьянэ къигъэлъэгъуащ мы щIалэгъуалэ парламент гупыр япэ дыдэу республикэм иджы къыщыдэзращIэрэ гъэпэщар икIи абы зэрыщыгугъа псори зэкIэ нэгъэсауэ зэрыхуэзэфIэмыкIар. Палатэм хэтхэм ефIэкIыныгъэ гуэрхэр яIэу щыткъым, ар псом япэу жуэхыпсыгъэщхуэ зыпылъ жылагъуэ лэжьыгъэу аращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIалэгъуалэмрэ лэжьакIуэхэмрэ зыхуэфащэ Iэмалхэр кьахуэзгъэпэщ гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым яхуэзгъэзауэ абыхэм яIэ мурадкэр пхагъэкIыныжмкIэ.

Адэжь депутатхэм зэгурыIуащ Парламентым и зи чэзу зэпэщIэр щрагъэкIуэкIыну пIалъэмрэ абы къыщыхальхьэну Iуэхуэхэр зыхуэдэмкIэ. Парламентым кьищта унафэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэпэщIэр 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 22-мрэ 23-мрэ екIуэкIынущ икIи абы Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щыхэплъэнущ, абыхэм ящыщу «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ

● Фэ фщIэрэ?

Синоним псалъэхэр бзэм и къулеигъэщ

АРМАВИР пединститутым и профессор Сэкий Нурдинрэ сэрэ дызэгъусэу 1971 гъэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и синонимхэм я псалъалъэ Черкесск къыщыдэдгъэкIащ, синоним гупу 525-рэ къызэщIиубыдэу.

А псалъалъэм газет тхыгъэкIэ кьыпэджэжащ, рецензэ хуатхащ бзэщIэныгъэрылажьэу Апаж Мухьэмэдрэ Тау Хьэзешэрэ.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и синонимхэм я зэпеят псалъалъэр мыныкъусаныгъэншэми, арэзы зытекхуапхьэу лингвистхэм кьыжаIащ икIи еджакIуэхэм, студентхэм, егъэджакIуэхэм, зэдзэкIакIуэхэм, журналистхэм, адыгэ тхакIуэхэм сэбэп эзрахуэхьунри кьыхасэщащ.

Бзэм псалъалъэ хуэзэхэльхьэныр Iуэху щыкIукъым. Грамматикэ тхыныр, псалъалъэ зэхэтхъэныгъэ гугъуи и гугъужу кьильытащ кавказырыдж щэджащ Чикобавэ А.С.

«Адыгэбзэм и синонимхэм я псалъалъэ кIэщIым» елэжьым щыщIэддзам, а гугъуехьхэр псэкIэ зыхэтщIащ. ИтIани, дытегушхуэри, Iуэхум иужь дихьащ.

Ильэс 32-рэ и пэкIэ кьыдэдгъэкIа псалъалъэм дигу хуэныкъуэурэ кьекIуэкIащ. Абы куэд зэрыхуящыщIэр, дерт зэриIэр кьэнэхуа нэужь, сэтей кхъхуа ныкъусаныгъэхэм я гъэкIуэдыжькIэ хьунум, псалъалъэр нэхъ зэпэщIщыным дегупсысуэр нобэм дыкъэжащ.

Къытедгъэзэжу псалъалъэм дыхэIэзэщIыхьыжьынр, ящныкъуэIыхьхэхэр щIэрыщIэу ттхыжьынр къэзышIар апхуэдэ щхьэусыгъуэхэрщ.

Псалъалъэм зэхъуэкIныигъэу хэтлъхьахэм «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIуэхэр щыгъуазэ ттщIныырщ мы тхыгъэмкIэ ди мурадыр.

Я́пэрауэ, псалъалъэм и хуэзыр нэхъ ин ттщIащ. Дызыщыгъуазэ, нэхъапэIуэкIэ тхылъым кIуаэу щытахэм щIэуэ синоним псалъэ гупу 273-рэ хэдгъэхьащ.

Чэнджащ кьыдэзыта язныкьуэ лингвистхэм зэрафIэмыкъабылым папщIэ, псалъалъэм дгъэкIуаэу щытакъым зэгуэрым диалект, говор щхьэхуэхэм нэхъ егъэбыдыдIаэу кьакIуэу щытахэр, иджы зэманым дэнэ щIыпIэкIи щызэпыщIысыжу хуежьа мыпхуэдэ псалъэхэр мыхьэмэ: щыпкъэ, щэджащэ, нэуэжь (бесслъэней диалект), лагъэ, сыхьэн (псыжь-инжыдж псэлъэкIэ), пырхуэу (джылахъстэней псэлъэкIэ).

ЩIыпIэ псалъэхэм (диалектхэм, говорхэм) хуаIэ бгъэдыхьэкIэм нобэ зыкъомкIэ зихьэжащ. Литературэбзэм тегъэщIапIэ ищIыр зы диалектыбзэ гуэрщ, щIыпIэ щхьэхуэ псэлъэкIэрщ.

Академик Къумахуэ Мухьэдин кьызэригъэввыкIэ (нэгъуэщI епIыкIэ щыIэми), иджырей къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм къэкIуэкIитI иIэщ: зыр къэбэрдейхэр зэрыпсалъэрщ, адрейр шэрджэсыбзэрщ.

Апхуэдэу щыщыткIэ диалектыбзэхэм, говор псалъэхэм емыпэгэкIыу, тхакIуэхэр, усакIуэхэр бзэм и дахагъэмрэ бзаргъымрэ нэхъ кьызэрагъэсэбэныным хущIэкъун хуейщ.

1999 гъэм дунейм кьытехьа «Адыгэ псалъалъэм» и мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ. Тхыдыр лъэныкъуэ куэдкIэ хьэпэмэтщ. Мыбы щыпIэ псалъэхэр уэру, купщIафIэу щыдольагъу.

ЩIыпIэ псалъэхэм увыпIэ щхьэхуэ щаIыгъщ зэдгъэзэхуэжа синоним псалъалъэм. И лъабжьэмкIэ кьыщыдохь синоним зэхуэтщIа псалъэ гупхэм я щапхьэхэр.

Къэбэрдей кьэпсалъыкIэ	Шэрджэс кьэпсалъыкIэ
Балий	Шэдыгъуэ
Бэкъэ	Къакьыр
Бгырыс	Къущхьэдэс
Бжьыгъэ	Бжьыгъэ
Бостей	Зэгъалъэ
Вэсэмахуэ	ДыгъуасэнэхъыпIэ
Выгу	КIыгI
Гуэгуш	Тхьэджэд
Гуэгушхьэу	Тхьэджэдыхъу
Гуэнщэрыкъ	Гуэнщэрыкъ
Гъавэ	Лэжьыгъэ
ГъэшьфIэ	ГъэшьфIэ
ГъуцI кIапсэ	ГъуцI чыданэ
Егъэлеин	Егъэхъун
ЕмыкIу	Хьенапэ
ЕтIанэгъэ	Дяпэгъэ
Жьэн уз	Жьагъэ уз
Жьэнфэн	Гужьжьей
ЗэпэщIхьэуэ	Зэпэзэрыз
Зыри	Пари
ЗэтеупIэщIыкI	Зэтеж
Исльэмей	Щэшэн
КIэпхын	КIэIупхъуэ
КIэмуж	КIэжьыжь
КъэкIухьлъакъуэ	КъэкIухьыратI
Къубгъан	Хьэцрафэ
Кхъуейжьапхъэ	Кхъуеижьэ
Лъэжь	Лъэхьыш
ЛъытIэгъэн	ЛъакъуэфIэлъхъэ
КIэлыыгъакIуэ	Благъэзэгъэльагъэ
Мастэжьъуаншэ	КIэмастэ
Мэрзей	Зэрмызей
Нэгъуджэ	Нэрылъэ
Пашэвауэ	Чыпэвауэ
Пшапэ	Пшэфэхъу
Сын	КхъэнатIэхэсэ
ПсынщIэу	Елбэтэу
Пхъэрыгъажэ	Сэхэрыгъажэ
Тас	Лэджэн
Тэлай	Тэмэщэ
Тэрэзэ	Щэчалъэ
Тегъэльадэ	Кьигъэж
Тхьмадэ	Пщыжь
Тегъэшэн	ТегъэIэн
УнэщIэ	УнагъуэщIэ
УвыIэпIэ	Мэчанэ
УэрэджыIакIуэ	Уэрэдгъуэ
Суд	Хьэкумэт
ФIэIугъэ	ШыугъэкIэ
ФыщIэ	КъуафщIэ
ФыщIэ	ФыщIэгуапэ
Хьэблэ	КIэдыгу
Хъэдрыхэщ	Хъэдрыхэ
Фэрэкl	Сабийхъ
ХьэукI пыIэ	ПыIэ къекъуэ
Хъэщхьэтеуэ	Уэстеуэ
Хьэпшып	Хъэткъуэрт
Хъыбар	Хьищэ
Хьэкъ	Хьэкъылкъ
ХъыбаргъэIу	Хъыбархэн
Цыжьбанэ	Хьэцыбанэ
Чрест	Бэжэкъ
Шатэтемых	ШэмыуэIа
Шэрыуэ	Iэфдауэ
ШкIэщыщIэ	ШкIэбжь
Шхыдэн	Хьэнэн
Шыпльэгу	Хьэдэбжэмакъ
ЩхуэIу	Шхуэжьэ
ШытепIхъуэ	Шьыджанэ
Щауэ	Тхьмадэ
Щай	БетIакъ
Щхьэгъавэ	Щхьэбатэ
Щхьэпэльагъ	Лъапэлъагъ
Щхьэхь	Уэзу
Щхьэтепхъуэ	Хъы
ЩакхъуэгъэтIэ	Тхьэбпис
ЩыIуэзэIудзэ	ЩэпрагъэIэ
ЩIопщакIуэ	ЩIэпщэ
Iэгъуэблагъэ	Тэкурэкъу
Iэфракl	Iэндэгъупэ
Iэпхъэуэн	Куэщын
Iэрызешэ	Iэпэрызешэ

ЩIыпIэ хэхам ехьэIа диалект псалъэхэр кьыззрыкIуэрфIэщыгъэщIэ кьуДеIуэкъым. АбыхэмI я къекIуэкIыкIэм кьыхоощыж кьэзыгъэщIар, зыбгъэдэль бзэм кьыщыхъу-кьыщыщIэхэр, игъуэт хэхъуэныгъэ-хэщIыныгъэхэр. Диалект псалъэхэм тхыдэ гъэщIэгъуэн зиIэ кхъохкI.

Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, инжьдж адыгэхэм я деж щыщIэрыIуэ **пари** псалъэр. ЯпэIуэкIэ мы псалъэм адыгэхэм кьрахыу щытар «ахъшэ» мыхьэнэщ. ПащIэ Бэчмырзэ Тырку кьэралым триухуэ «Истамбыл» усэм ахъшэ мыхьэнэ иIэуэ **пари** псалъэр кьызэрыщIыхар.

...Я зауэр кьэхъумэ,
Iулъхьэ щIэнэцIхэщ,
Жылэгъуу уенэцIмэ,
убейуэ кьакIуэ,
Хьэкумэтым укIуэм,
уи чысэр кьащтэ,
Парэ кьыумыщтэм,
хьэнсым уанэнщ...

Парэпсалъэм и фонетикэ теплъэми и лексикэ мыхьэнэми зихьэужащ. Зэман гуэркIэ адыгэ псоми зэхуэдэу кьагъэсэбэну щыта псалъэр диалектым хуэкIуащ. Иджы шэрджэсхэм мыбы кьрагъэльагъуэр мыхьэныгъэ, щымыIэныгъэщ, къэбэрдейхэм я «зыри»-м кьикIым хуэдэщ.

Синоним гупым хэту кьакIуэ диалект псалъэхэм кьыуагъэщIэнкIэ мэхъу зы мыхьэнэм зэриплъ фIэщыгъэ зэхуэмыдэхэр зэрызэпэща щыкIэр.

ЩIищ зэхуэмыдэ зыгъуэта кьэфхьIэ адыгэхэм яIэщ. Абы къэбэрдейхэр зэреджэр, «ислъэмейщ», джьпльахъстэнейхэр - «мышкъыш кьафщ», шэрджэсхэр - «шэшэнщ».

«ИслъэмейР» адыгэ кьафэ дыдэщ жьыПIэныр кьезэгъаськым. Абы и щыхьэтщ адыгэбзэм и диалект, говор псалъэм лъэ быдэкIэ ихьыауэ, кьафэм щIэ хуэхъуэ этнонимитIыр (шэшэн, мышкъыш). Шэрджэс бзыльхугъэ Даур Эммэ и усэхэм ящыщ щым щыжеIэ:

...Бзаджэр мэшынэжри
Дэ тпэжьжьэу Iуонщ,
АдэкIэ нэщхъыфIэу
Кьожэ псыхьэльныгъэр,
Уэшхым «пэшэн» кьещIыр,
Инщ и хьэгъуэлIыгъэр!

ИпэжьыПэкIэ «Ислъэмей» кьафэкIэр кьыздикIар шэшэнхэмрэ мышкьышэмрэ я лъахэрщ. КъэбэрдеймкIэ я кьафэр япэу ягъэзащIэу щытлъэгъуар Джьлахъстэнейм хиубыдэ ИслъэмейI жьыIэрати, фIэщыгъэщIэр абы кьытекIащ.

Диалект, говор псалъэхэр тегъэщIапIэ ищIыуэр, кьыпхуэхутэнщ язныкьуэ ЕтIащыгъэхэр щIэщыгъэ зэхэщIыкIыгъуейхэр кьызэрыхъуам и пэжьпIэр.

Шэм, джэдкIэм, хьэжьгъэм кьыхащIыкI шхынныгъэр адыгэхэм псалъитIкI я кьагъэльагъуэ: джэдкIэзвынщ е щхьэкъутыхь. ДызэрепльымкIэ, етIуанэ фIэщыгъэщIэм и кьэпсэлъыкIэр тэмэмкъым. Мы псалъэм и жьIэкIэ пэжыр Кубань-Зеленчук говорым кьыщыдэзтеныщ. Шэрджэс ткакIуэ АбыгIэ Владимир и «Израмышэжа нысащIэ» романым а шхынныгъэр кьызэрыщыхьар шэкъуртыхьхьжиIэущ (епIэ романым и 153-нэ напэкIуэцIым). Аращи, шэкъуртыхь жьIэкIэрщ нэхъ тэрэзыр.

Зэрытлъагъущи, диалект, говор псалъэхэм кьытхузэIуахьнкIэ мэхъу зэман жьжьэм дэкIуатэ терминхэр, фIэщыгъщIэхэр кьызэрежьам, зэрызэфIэувам, я кьэкIуэкIыкIам ехьэIа щэху Iудж.

«Адыгэбзэм и синонимхэм я псалъалъэ кIэщIым» тепсэлъыхьа профессор Тау Хьэзешэ зэрыжьIэмкIэ, иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэм ЩIыпIэ щыщIыжу хуежьа отириздзам, зэрызэфIэувам, ахаизм псалъэ куэдыIуэ ди псалъалъэм кьыщыхьащ.

Рецензентым апхуэдэ ныкъусаныгъэ кьызэрытхуищIам щхьэкIэ кьэдмыгъанэу, зэдгъэпэщыжа псалъалъэм жьыфэ кьызытеуа псалъэ зыкъом догъакIуэ, ахэр бзэм кьызэрыщагъэсэбэн мардэр зэрызэхуэмыдэр Iуэхум кьыщыдолытыгэр.

Мис ахэр; дзэзешэ - дзащхьэпэрыт; кьубгъан - хьэцраф; пабжь - куандэ; лошкIэ - хьурп; пэтырбакъ - тутыкъу; тIасхъэщIэх - жасуе; приказ - езыл; мырамысэ - цормэ; шэдылъэ - гъуэмэжь; тачкэ - хьэкъэстэ; гукъыдэж - жагъдж; нысащIэ - хьаний; баццлыкъ - щхьэфIэпхъуэ; бэрэбанэ - фэтIыркъ; хьуакIэ - докъудас; пщыдэкIуэтэ - пщыдэгъаз; щIасэ фыз - щтэращтэ; развод - толакъ; шыльэгу - шывакъэ; лулэ - цыбакъ; дзэ - асэкэр; ахъшэ - нэгъэщIу; дзыгъуэщхуэ - фей; кьэуат - асу; джэгуакIуэ - пщыр; Iэгуфэ; аргъуей - техьэгъэзешэ; мыхъур - пэшот; лIэн - узджентын; гъыпоэ - сагъыш.

Доминант щхьэщIэдзапIэ щхьэхуэхэм хьихь, абы кьызэщIиубыдэкIэ хъуну синоним псалъэхэм я щапхьэхэм хэдгъэхъуащ.

КьыкъытIам и щапхьэу къэтхьыну дыхуейт шэмэджьым хуащI убыдыпIэм зэреджэр. ЩIыпIэ зэхуэмыдэхэм абы мыпхуэдэ къэпсэльыкIэхэр щиIэщ: Iэгурамэ, Iэдэмащэ (КъШР, Жьэкуэ), Iэпэжьку (КъБР, Болэтей), шэмэдж пхъэIэпэ (КъБР, Зеикъуэ), Iэгупс, хьэшпIэтIыкIь (КъБР, Нартан), кIылылу (КъБР, Мысостей).

ПЩЫБИЙ Инал.
2004 гъэ.

Ди Iыхьлы-благъэхэр дывгъэлъытэ

«Ди Iыхьлы-благъэхэр дывгъэлъытэ» зыфIаща Iуэху ди республикэм щекIуэкIащ.

НАЛШЫК дэт курыт еджапIэ №12-м щеджэжэ, 7-нэ классым щыщIэдзауэ 11-нэм нэсыху, жыджэру хэтащ абы. ЩIалэгъуалэр гуапэу, гульытгэ хэпльу щытыным хуэзыгъасэ гупсысэ щIэлъщ КъБР-м Хьыбарегъащ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, ЩIалэгъуалэм и зэгухьэныгъэу Налшык щыIэм», «Урысейм и сабийкэр», нэгъуэщIхэм зэгъуэгу ма махуэхэм ирагъэкIуэкIа зэIуIэхэр.

Курыт еджапIэ №12-м и егъэджакIуэкъуэзэгъэпэщакIуэ Вагнер Юлиэ ныбжьыщIэхэм захуигъаазэу жиIащ:

- Ди Iуэху щызэхуэмыхьум и деж дэ я ятэу зыгъэзыгъэщ, зыкъытщIагъэкIуэну дызыщыгугъыр ди Iыхьлырщ. Пэжщ, лэжьыгъэм, еджэным, унагъуэм, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэми дызэрыхуэщIамыгъэкъэм кьыхэкIыу, дэ махуэ кьэсяжетIыфыркъым фIыуэ зэрыгтIагъур, тпэгъунэгъу цIыхухэм дыщIэупщIэну, я гур дахэ яхуэтщIыну дыхунэсыркъым. Мы Iуэху кьрахьэжьар ядэтIыгъэщ, фIыуэ тIыгъуэхэм девгъэпсалъэ, дащIэвгъэупщIэ.

Адэ-анэхэм, анэ кьильхуэхэм, благъэхэм, ныбжькъэгъуэхэм я деж телефонкIэ псэльэну зыжяIа сабийхэм уакIэлыплльыну гъэщIэгъуэнт. ЯзныкьуэхэР тхуэпль кьэхьуат, зэрыукIытэм и щыхьэту, мыдрейхэри пIейтейр т, гуэвзэрт, я щхьэр ирагухыр т, хэти, псом хуэмыдэу хьэщIжэбэ щыкIухэр, хуиту, Iэнкунагъ ядумылъагъуу, я адэ-анэхэм псалъэ дахэкэр жраIэрт.

Мыпхуэдэ зэпэщIыкIэ я1эщ сабийхэм Iыхьлы-благъагъэр яльытэныкIэ, яIэгъэнэгъу щIыхъ хэм я гурыльхэмрэ псалъэ гуапэхэмкIэ ядэгуэшэным тегъэгушхуэныкIэ.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Наркополицэм къет

«Тайсон» аргуэру къапэщIохуэ

КъБР-м и наркополицейхэм афиян иригъэкIыу щэч хуащIу республикэм щыщIихухъьр яубыдащ.

ИЛЬЭС 32-рэ зи ныбжь наркотикзехьэр, абы хуэныкъуэхэм кьызэрацIыхуэр «Тайсон» цIэрщ, кьищтэ фэтэрхэр щIэх-щIэхыу ихьэужьурэ Налшык щопсэу. Иужь зэманым и хэщIапIэу щытащ курыт еджапIитIым яку дэт «афган» энэр. Наркополицейхэм кьаIэрыхьа хъыбарымкIэ, школакIуэ зыбжанэ зэ-тIэу ящIэнщэу ирири, афиняным дригъэхьэхащ. Адэкlэ ныкьъэщIэхэм я щэджагъуашхэм, нэгъуэщIхэм трагъэкIуадэ я жып ахъшэр наркотик къэщхуэным пэкIуэ хъуащ.

Зэ зэхьэлэгъуэ гашиш дагъэр кьэзыщэхуэ, илъэс 16 зи ныбжь гъунэгъу школым и еджакIуэр наркополицейхэм яубыдащ. Кьыкlэпыкlуэм гашиш дагъэрэ анашарэ щрицэм езы «Тайсони» кьапэщIэхуащ. КъБР-м щыIэ НаркоIуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, абы наркотикхэр лъэхъуэщхэми щригъэкIырт.

Яубыдар нэхъапэм мыззмыгIэу уголовнэ жэуапым ирашэлIащ щыхъм зэрыгтеуам, зэрыдигъуам, афиян зэрищэм кьыхэкIыу. Езы дыдэри наркотик зэхьэлIэным хуэхэкъым. Фызэхэмыщэщ, зыщIыпIи щылажьэркъым. Иужьрейуэ хуатха характеристикэм кьызэрыщыгъэлъэгъуэмкIэ, щхьэпсалъэкIэ пцIы еупс, зэкIуэщIыльщ, гуфжьыгуэфIэщ.

Наркоlуэхущlапlэм и студентхэмрэ кьудамэм уголовнэ Iуэху кьиIэтащ.

Фигу къэдгъэкIыжьащи, Урысейм Наркотикхэм кIэлъыплъыныкIэ и федерал Iуэхущlапlэм и управленэу КъБР-м щыIэм и тхьэмадэ полицэм и генерал-майор Кульбаев Руслан и унафэкIэ республикэм и дэтхэнэ школми наркоlуэхущlапlэм и лэжьакIуэхэр ирагъэбыдылIащ икIи абыхэм хабзэншагъэкIэ наркотикхэр зэрагъэкIуэнщи кьызэпыдыныр я кьалэнщ.

МЭРШЭНКЪУЛ Наталье.

● Хъуэхъуэхэр



Мэршэнкъул Азэмэт Арсен и къуэр кьущIалъуа махуэщ, и ныбжьыр ильэс 18 ирокъури, дохъуэхъу!

ФIыуэ тлъагъу ди щIалэ Азэмэт! ИпэжьпIэкIэ балигъ гъащIэм ухэбжъуащи, уи вагъуэр уэгум щыблэу щIыльэ щхъуантIэм лъэ быдэкIэ ущыуныну дыноъуэхъу. Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ хэкуалI нэс кьыпхэкIыну, узыщIэтIысхьа еджапIэр ехьулIэныгъэкIэ кьэбухьыну, пщIэ зыхуащI уи адэшхуэхэм я лъагъуэм урикIуэну мурад пщIащи, ерыщу лъагапIэщIэхэм ухуэкIуэу, уи хьэл-щэнымрэ акъылымрэ сэнахуафэр хуаIэту, узынщагъэр уиIэу, уи нэхъыжьхэм я жьаIэ щыIэту, уасэзылъхуахэмрэ къыбдалъхуахэмрэ уэркIэ гушхуэу гъащIэ кIыхь кьэбгъащIэну, насыпым я нэхъ лъапIэмрэ дахэмрэ къоуэлIэну ди гуапэщи, ТхьэР кьыпхуэупсэ.

Кумыщэж Надир, Лиэ,Ислъам, Оксанэ. Мэршэнкъулэ Хьэсэн, Лидэ, Арсен, Аслъэн, Мухьэмэд, Марьянэ, Заретэ, Залинэ, ФатIимэ, Элинэ, Алим, Адинэ, Руслан, Данэ.

Аруан къуажэм щыщ Нэгъуей Владимир Хьэзиз и къуэм и ныбжьыр ильэс 60 ирокъури, дохъуэхъу

Узыншагъэ быдэрэ дэрэжэгъуэ иIрэ уиIэу, тхъэгъуэмрэ берычэтымрэ уи бэу, уи пщIэр лъагэрэ уи щхъэр лъапIэу, уи жьэгур уардэ унэу, хьэщIэ етIысэхьапIэрэ унапIэ махуэу, уи быным уаззрыхуэхуапсэ псори кьайхъуIэну, я насыпым ущыгуфIыкIыу щIыльэм и Iэфыгъэ псори зыхэпщIэну, уэркIэ дыгушхуэу къэдрэ дяпэ уитыну, гъащIэм гу щыпхуэну ди гуапэу дынохъуэхъури, Тхьэр фIыгъэкIэ кьыпхуэупсэ!

Уи мафхьэ Шыбзыхъуэ Мухьэмэдрэ уи шыпхъу Федосэрэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

«Хасэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и унафэщIым зэрытеуам теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ

Мечиевым и уэрамым тет Таксорпарким и унэм и 3-нэ кьатым щыIэ «Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и зэщIапIэм и щIыхьэпIэм деж быгъэгъазэм и 5-м сыжьат 12-м а жылагъуэ зэщIэхъеенымрэ и унафэщI Егъэн Абрэхьим удынкэр щезыдзахэр Налшык къалэ УВД-м зэхегъэкI. Лей зытехьар республикэ сымаджэщым яшащ икIи зыхуеину медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ирагъэгъуэт.

Iуэхур зэхагъэкI.

Налшык къалэ щыIэ УВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Тхьэдэм и напэкIуэцIхэр

«ДикIуэт хъунукъым - ди щIыбагъ кьыдэтыр Москвращ!»

1941 гъэм и дыгъэгъазэр кьызэрымыкIуэу иреу, уэсудэм нэр имыгъаплъэу ап-ахуэдэт, Щыуэпсыр езыри и кьару кьихьымкIэ пэуа хуэдэт Москва къэзыштэну кьебгъэрыкIуэ нэмыцэ фашистыдзэм. А гугъэр Гитлер куэд щIауэ и гум щигъафIэрт. Абы и мурадт, СССР-м и гупсэр, Москва кьалэр, кьищтэкIэрэ, зауэр зэуэзэпсэу ихуныну. Хэку зауэшхуэм и пэщIэдзэ дыдэми Гитлер жиIауэ щытащ абы и щхьэхуэм совет къэралым и щыхьэрыр тхьэмахуэ зытIущкIэ кьызэращтэнрэ.

АР КЪЫХЭЩЫРТ Гитлер нэмыцэ зауэлIхэм я зэманым яхуигъэхьа тхыгъэми: «Сэлэтхэ! Фи пащхьэм ильыр Москвращ! Зауэр зэрядублэрэ блэкIа ильэситIым фэ Европэм и къэрал куэдым я кьалащхьэхэр кьэфщтащ. Иджы чэзыр Москва ейщ. И щхьэр кьевгъэгъэтIылъ а щыхьэрми, фи Iэщэм и кьарур здынэсыр евгъэльагъу абы, текIуэныгъэ фиIэу фихьэ абы и утхэм, фыдыхьэ и уэрэмхэм. Москва кьатщтэмэ, зауэр духауэ аращ. ФебгъэрыкIуэ!» Аущ биидзэм Москва хуиIа щытыкIэр имыхьэужь хуэдэкъым, «Тайфун» цIэр зыфIаща план хэхари кьанэ щымыIэу кьыиэтэщхэуэ щытащ.

Къэралым и щыхьэрым кьебгъэрыкIуэныр Гитлер жэпу эгъуэм иублауэ щытащ. Абы щыгуэ а щIыпIэм кьрашэлIат Москва кьэщтэныр зи щIэн нэхъыщхьэ «Центр» дэзышэр. Абы пэщIэва совет зауэлIхэм я щIыбагъ кьадэтт партизан зэщIэхьеенымрэ щIыхубэм я дыгъэныгъэмрэ.

Ахэр псэемыблэжу зауэрт дэтхэнэ щы Iэгупlэми щхьэкIэ. «ДикIуэт хъунукъым - ди щIыбагъ кьыдэтыр Москвращ» - кьыхуеджэныгъэ зэщIэ зауэлIми и гум илэт. Кьалащхьэр пхъуэмэ, уи анэр, уи Хэкур пхъумэфауэ зэрыщытыр псоми кьагурыIуэрт. Абы кьыхэкIыу щыслхьрабгъу яхэмыльу бий бзаджэр зэтрауклэрт. 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м кьыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 5 пщIондэ нэмыцэдзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Дыгъэгъазэм и 5-м советыдзэм ебгъэрыкIуэн щIидза нэужь, абы икIуэту щIидзащ.

Нэмыцэдзэр Москва деж зэрыщызэтракъутам зауэ, политикэ, дунейпсо мыхьэнэзшхуэ иIащ. ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэрыщIидзэрэ Гитлер и дзэр япэу ирагъэкIуэтауэ арат. Абы кьыгурыуащ СССР-м ирищIыIла зауэр тынш икIи кIэщI зэрымыхьунур...

Абы льандэрэ ильэс куэд блэкIащ, ауэ ди къэралым и цIыхубэм ноби щыгъупщэркъым апхуэдизэ мыхьэнэ зиIа зэзэауэр, абы хэтахэр. Щхьэлыкуэ школ музейм сриунафэщIу, ди щIыналъэм и тхыдэр зыдж гупжьеим срипащэу сылажьэурэ, си гъэсэнхэр си гъэсэу я зэныгъэ зэхэлъэгъэ ешэ зэхэлъэгъэ ешэ зэхэлъэгъэ ешэ зэгъэкIуэкIыжьырт. Дэ къэтщIат Москва деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм щхьэлыкьуэдэс щIалэ хэри зэрыхэтар. Апхуэдизэт, псалъэм папщIэ, Шаваев Жэбрэйил, Щоджэн Гъэрыбат, Чэтбий Нацир сымэ. Ахэр щызэуа щIыналъэм Текlу эныгъэм и махуэр, Москва зэрахьэнар, щагъэльапIэ зэманхэм дэ мызэ-мытIэу зэрыгупу дыкIуауэ щытащ, ди къуажэхъэр зэщIэзэуа щIым щыщ Iэмыщlи къэтхьауэ ди музейм щIэльщ.

Москва и Iэшэльашэм щекIуэкIауэ щыта зэхэуэм и гугъу зэгуэр кьытхуищIыжауэ щыт ащ Щджэн Гъумар. Ар Волоколамск, Смоленск кьалэ хэм я гъунэгъу зэуащ.

- Уэсыр лъэпуажьэм кьэсырт, махуэри жэщри зэхуэдэу уает, ауэ ди гупсысэхэр зыхуэунэтIар зыт: ди кьалащхьэр, Хэкур ткIуэмэнырт, - игу кьигъэжьыжьыр Гъумар. - А кьалащхьэр псоми ди зэхуэдэ хьугъэ уэфIыгъэт, ди кьэралышхуэм и гупсэр фIыуэ тлъагурт псоми. Дэтхэнэри: урысри, украинри, адыгэри, балъкъэрри, кьуржыри - псори дыкьызэпрыт абы и хуитныгъэм щхьэкIэ ди псэр ттыну...

Щоджэным кьытхуиIуэтэжа зауэ хьыбархэр ноби щIэк щIэкъэзыхьахэм. Апхуэдэ зэхуэдэхэр сэбэпышхуэ хьурт щIэблэр хэкупсэу, и кьэралым папщIэ зэуаплъныгъэр зыхишIэу гъэсэныкIэ. Ноби тщыгъупщэ хъунукъым Текlу эныгъэ иным щIэтта уасэр. Лъэпкъхэр дыззгурыIуэ зэу, зэхуэдэт чыхьыу мамыру дызздэпсэун хуеищ.

КОММОДОВ Геннадий,
егъэджакIуэм и ветеран.
Щхьэлыкьуэ къуажэ.

Сурэтым: **Щхьэлыкьуэ къурыт школым и еджакIуэхэр Москвэ и УГ Плыжьым итщ. Москва.** *1981 гъэ*

● Гу зытытапхъэ

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэныкьу Азий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щкIуэгъэ мазэм мыпхуэдэ спектакIэхэр щекIуэкIынущ:

Дыгъэгъазэм и 10 - 11-хэм:
Гольдони Карло.
«Трактиргущэ»
(гушыIэ).

Театрым и художественнэ унафэщIыр
Урысей Федерацэм щыхьэ зиIэ и артист
Шыбзыхъуэ Басирщ.

ЩыщIидзэр сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.
Упщ1э зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хьунущ:
42-64-94, 42-33-89

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Пхъуантэ фIыцIэжьыр

Таурыхъ

ЕУЭРИ, жеIэ, зы IыжьI гуэрым къунщ иIэт. ЛIыжьыр дунейм екIыжьын щыхъум, щIалэхэр кьриджэри уэсят къахуищIыжащ:

- Сэ нобэ си гъащIэр соухри, къэзлэжьауэ сиIэ мыпкур кьыфхузогъанэ. Уэ, си щIалэ пасэ, дыщэу сиIэр руейщи, гъэлажьэ, гъэбагъуэ. Уэ, си щIалэ курыт, Iэщу сиIэр къыпхузогъанэри гъэхъу, гъэбагъуэ. Уэ, си щIалэ кIасэ, пхъуантэ фIыцIэжьыр къыпльосри, абы фIыгъуэу дэпъри пхурикъунщ, умыщхьэх. Си уэсятым щыщ зыгуэр кьывгурымыIуэ хъужмэ, мо кьуажэ благъэм дэс си ныбжьэгъужьым фечэнджэщ...

Арати, лIыжьыр дунейм екIыжащ.

Дыщэр нэхъыжьым зэщIикIъуэри игъэтIылъащ. Iэщыр курытым иугъуейри игъэхъуу пэрыуващ. Ауэ кIуэ кIасэм кIыпльыса пхъуантэ фIыцIэжьыр, уэри щыри ягъэзри, ягъуэтакъым. Щымыхъужьыххэм, я адэм и ныбжьэгъужьым деж кIуэри ечэнджэщащ. Ныбжьэгъужьым щIалэхэр кIыщIишри...

- Мо удзыр зытетыр фIъагъурэ? - жиIащ.

- ДоГъагъу.

- Мо жыгыр зытетри фIъагъурэ?

- ДоГъагъу.

- НтIэ, си щIалэхэ, а псори кIыызытекIа щIы фIыцIэращ пхъуантэ фIыцIэжь хъужыр. Абы удэIэбэ щхьэкIэ и фIыгъуэм хэщIыркъым: фымыщхьэх! - жиIэри кIынутIыпщIыжащ.

Нэхъыжьым и дыщэр имыгъэлажьэуэр Iэщ Iэшхыхьыжащ. Курытым и Iэщыр имыгъэбагъуэрэ иухащ. Къуэ кIасэр щIым телэжьыхьуэр бей хъури и кIуэшитIри зришэлIжащ.

Пхъуантэ фIыцIэжьым и фIыгъуэр зэшищми, я бынхэми, я бынымхэми кIайльжащ.

Зытхыжар **НАЛО Заурщ.**



ПщIэншэрыкIуэ

Рассказ

- ЗАУЭМ хэкIуэдахэм я бынхэм кьыхуатIыпщ ахьшэ тIэкIур ятУ зэхэсхащ, си щIалэ щIыкIу, - жи мамэ, нэщхьей дыдэу.

- Нартыху тIэкIур кьыхэспщIыкIынщи, сэ сыкIуэщ, жысIати, си щхьэ мыгъуэжьыр кьысщыхьауэ...

А псалъэхэр зэрызэхэсхыу сыкъэгъынэнащ. Сыт абы укIуэкIэ? Зыкъомбэрэ бжэIупэм дыIутынт, дыIутынти, нтIанэ пощтым и унафэщI Хъалидыжьыр къыщIэкIынт: «Ахъшэ щыIэнукъым, фыкIуэж!» - жиIэнти къытхэкIиент. ЦIыху дыджьжьт ар, пщэкIыхь-пщэ Iушэт, къэптал фIыцIэ кIыхьышхуэрэ джэлэфей гъуэншэджрэ щыгъуейт.

- Гъуэгум щысакъ, тIысэ. КьыбжьэхэуэнIа мыгъуэщи дыбгъэунэхъунщ, - жи мамэ сыкъызыдыщIэкIым. - Укъызэрысыжу сэ къыпхуэсщэхункъэ а укъыщIэзгъэгугъаxэр...

УэI! Сыту фIыщэт ар! СыкъоугуфIэж, сылъэтэным хуэдэу! Ди тыкуэным сыщIыхьауэ сызэхъуэпса хьэфэ топ щIыхущхуэмрэ джанэ Iэщхьэ кIэщI хужыбзэмрэт мамэ зи гугъу ищIыр.

Си лъэщхьэвэр щIэзыгъанэ гъуэгу сабэм сыкъисырти, жьэгу мафIэм дэлъ жьхэ пщтырым сыхэувэми ярейт. ИтIани сожэх, гуфIэгъуэм сиIэтуэрэ.

Балъкъ псышхуэм телъ лъэмыжьым сынос. Ауэ... хъуакъым, бетэмал, къазыжь къомбэ лъэмыжь техьэпIэ дыдэм деж тетщ: хэт сабэм зыхекухь, хэти мэхъуакIуэ. МащIэрэ сыкъыщIитIэат сэ къаз анэжьым. Зызэхуэсшауэ сызыдблэкIым сфIэгъэщIэгъуэну соплъ джэдыкIэ кугъуэм ещхь къаз шыр цIыкIуэхэм. Удз кьричыну похьэ зы цIыкIу, и анэм зригъэщхьагъэнт, арщхьэкIэ... Ууей! Удзыр зэпочри, и лъакъуэ цIыкIуитIыр дэгъэзеяуэ къыщхьэпредз. СфIэгуэныхь хъуауэ, кьызэфIэгъэтIысхьэжыну сыщыбгъэдыхьэм, кьаз анэжьым и пщэ кIыхьыжьыр захуабзэ ищIщ, и дамитIыр гуэлэлу, «сысс», жери сыкърихужьащи... «Мамэ!» - сокIий си макъым кьызэрихькIэ. Кьазыр кьыскIэлъысщ, си лъэнкIапIэм хуищIэу къедзакъэри, сигъэгъуэгынтэкъэ?

Дауэ сыхъуну иджы? Балъкъ хыхьи еплъыт. Уэрей, уимытхъэлэмэ, ныхьы, ар апхуэдизкIэ куущ икIи уэрщи. СещIэкъуауэу кьэзгъэзэжри, бжьэпэм, гъуэгубгъум деж телъ мывэ джей пIащэшхуэм сытетIысхьат, арщхьэкIэ ари укъису пщтырти, удзыпщIэр егъэзэлпIэ сщIащ, си щIыбыр мывэжым егъэщIауэ. Кьаз гупыр щыIукIыжьынум сыпэплъэурэ сешати, удзыпцIэм зыхэзгъэукIурияуэ сыщылъщ, уафэм сыдоплъейри.

Сыщылъурэ жейр кьысстеуащ.

Куэдрэ сыщылъа, мащIэрэ сыщылъа?.. Сытми зыхьзощIэ: щабэ дыдэу, гуапэ дыдэу си щхьэфэм зыгуэрым Iэ кьыделъэ. «А тхъэмыщкIэ цIыкIу, - жи абы, нобэ псом мыбдежым ущылъамэ, уи хьэбэ цIыкIум дыгъэр кьеуакъэ?» А макъыр си нэIуэсэщ. Си напIэр кьыЗЗтехкмэ - ди гъунэгъу фыз Сэтэнейт. Абы си Iэпэр иубыдщ, кьызэдэхащIэурэ ди унэм сыкъишэжри, ар си мамэм емышхьэтэмэ: «Сабийм хуэфIэкIрэ ар н-нна?» - жиIэурэ. Сэ мамэ жесIэжьнтэкъэ си Iуэхур кьызэрекIуэкIар. ЖесIэжщ, нэху дыкъекIри, мамэ жьыуэ пощтым кIуащ икIи щIэх дыдэу кьигъэзэжащ, кьэгубжьауэ. «Сэ, ар зэхэзгъэкIынкъэ, Алыхь!» - жи, си Iэпэр иIыгъыу псынщIэ дыдэу дызэкIуэм.

- Мис езы щIалэ цIыкIур, Хъалид, - жи мамэ, - мыр дыгъуасэ мы пощтым къэкIыгъэхъэкъым. Уэ «ахъшэ нестащ», - жори тхьэ щоIуэж.

Мо лIы кIыхьыжьыр кьызэфIоувэ, зыкъегъэщхъри: - Уэстан, тIыкIуэ, збжыщ, зэкIуэцIыслъхьэри...

Сэ дыгъуасэ къазхэм сыкъызэрамыгъэкIуар жызоIэ, сыгъынанэурэ.

- Сэ дэтхэнэр сигу изубыдэн? Сабий къэвмыгъакIуэ, жысIэурэ дапщэрэ жысIэну? - жи абы. - Мис, ведэмэстым итщ естауэ, - тхылъымпIэ гуэр къегъэпIий.

Мамэ сыт жимыIами, модрейм и напIэр хуэдакъым. «Мыбдежым щыт мы сабийм и лъы уасэр зи жыг изылъхьэфа уэ - унапэншэщ, ухьэбырыпыбрщ», - жиIэщ мами, тIури дыгъыурэ унэм дыкъэкIуэжыгъащ.

Арати, сыпыкIащ си топ щIыхушхуэми джанэ хужь Iэщхьэ кIэщIми. Ауэ сэ нобэми ныжэбэми згъэщIагъуэр нэгъуэщIщ: а сызытесауэ щыта мывэ джей пIащэжьыр а здэщылъа дыдэм деж ноби щылъщ, зэгуэмыдуадуэ икIи къэмычуаэ.

ГЪЭУНЭ Борис.

Хъуэжэ и хъыбархэр

* * *

ЩIэрыкIуэ згъажьэу сепщIыхьащ, сытым хуэпхь хъуну: фIы хьэмэ Iей? - жери Хьуэжэ Iэ ззэм деж кIуащ.

- Ар бжесIэн щхьэкIэ, джэд фIыцIэ сыхуей хъунущи, уи пщIантIэм дэт джэдым щыщ зы укIи, кьыхсхуэхь, арыншауэ схуэзэхэгъэкIынукъым уи пщIыхьэпIэр, - кьыжриIащ Iэзэм.

Хьуэжэ и щхьэм щIэтIэхьуащ:

- Си пщIантIэм джэд дэтамэ, щIэрыкIуэ згъажьэрэт, - жери.

* * *

МэЗ къикIыжрэ пэт, Хьуэжэ зылI кърикъэлIащ.

- Дэнэ ущыIа, Хьуэжэ? - къеупщIащ лIыр.

- Мэшых сыщыIащ, хукхъуэ кьызошэ, - жиIащ Хьуэжэ.

- АтIэ, уи гум илъыр пхъэи, мэз ущыIа хъунщ, - жиIащ лIым.

- Си гум илъри мэз сызэрыщIари щыпщIэкIэ, емынэм уэзрихуэрэ, щхьэ укьызэуупщIрэ? - жери блэкIащ Хьуэжэ.



Хабзэхэр

Нэхъыжь щыту нэхъыщIэ щыскъым, абы и гъуэлъыпIэ итIысхьэркъым, и тIысыпIэ хэхам деж тIысыркъым.

* * *

Нэхъыжь и гъуэгу зэпаупщIыркъым, абы и псалъэ зэпаудыркъым.

* * *

Адэм, анэм, тхьэмадэм, гуащэм е нэгъуэщI нэхъыжь гуэрым нэмэз ищIыну зыщигъэхьэзырым деж, нэмэзлыкъ хуагъэтIылъ, андезыпс, тас цIыкIу, напэЕлъэщI хуэдэхэр кьыхуащтэ, андез щтэн зэрнухьу псыр иракIут.

* * *

Нэхъыжь къепсамэ, хуэтэджурэ «Жьыщхьэ махуэ ухьу!» - жаIэ.

* * *

Нэхъыжь блэкIыу нэхъыщIэхэм щIыкIэншэу защIу, ину псальэу, кьыщиудыу дыхьэшхыныр емыкIу дыдэу ябж.

Зэщхьу тIу къэвгъуэт

Сурэтым чыцI цIыкIуу 9 кьыщыгъэлъэгъуащ. Ахэр зэщхьыркъабзэу кьыпщIыхьунущ, ауэ гупсэхуу уеплъынэмэ, зэщхь дыдэу хэтыр тIущ. А тIур къэгъуэтын хуейщ дакьикъэ зытIум кьриубыдэу, сурэтхэр зыр зым евгъапщуурэ.



Ди сабий садыр

Дэ ди садыр зыхэлэмэтщ,
Сабий цIыкIухэр дэзу дэтщ.
Сэ сыбжыну къыщIэздзэнщ -
Дапщэ дыхъуу пIэрэ дэ?

Мес Залинэ, мес Хьэту -
Зэхэпльхьэжьым, мэхъур тIу.
Хьид ещанэщ, мес Руслани,
Хьдогъэхьэ ар еплIанэу.

Бэрэтинэ добж етхуанэу,
АдкIэ зэрызбжьынур дауэ?
Тхум нэсыхуц сэ сыздэбжэфыр -
Дэ ди бжьгъэр абы фIехур!

КЪЭЛАКIУЭ Ладин.

АФIЭУНЭ Лиуан

Iэуа

НитIэ, нитIэ,
ЦIыкIунитIэ,
НитIэ, нитIэ,
Ди Iэуа.
Мамэ и псэ,
Папэ и псэ,
Сыт ущIэгъыр?
Хэт къоуа?
Мэж уи бжьэфыр,
Сэ зы цIыкIум
Ар зы цIыкIум
Езмыта!..

Мамэ, сэри
СыщыцIыкIум
НитIэ хуэдэу
Сыщыта?



•ГушыIэ

ИлъэсищIым ит Светэ цIыкIу анэм йопсалъэ:

- Мамэ, джэдхэм пъакъуэ яIэкъым.

Анэм:

- ЯмыIэмэ, сыт атIэ къыззракIухьыр?

Светэ:

- ГуахъуэкIэ.

* * *

- Сыт си хъыджэбз цIыкIу, нэмэзым укъыщIэуцар? - суупщIащ анэшхуэр къуэрылъхум.

- Сыжейурэ сешати аращ, Нанэ.

* * *

Классыр игъэсабыра нэужь, егъэджакIуэм жиIащ:

- Бадзэ лъэтамэ, зэхэфхыну фыщыс.

ЦIыкIуэр зыкъомрэ щыму щыса нэужь, захуэмыщыIэжу щIэупщIащ:

- Сыт щыгъуэ а бадзэр щылъэтэнур?

* * *

Мурат телефонкIэ Рэмэзан йоупщI:

- Уи дерс хэр бгъэззщIа?

- Хьэуэ, иджыри папэ къэкIуэжакъым.



Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ**(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъунщо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5, егъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэнымкIэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щытекъым.

Газетыр Iэ тезьдахэм яхуэхьынымр и пщэ датыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленом.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору ЩхьэпэмыщI Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3,4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Юрэ** *(1,2-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIныкъуэгъу Иуан Заирэ.** ***Компьютеркъэ газетым и теплъэр ящIащ:*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэлI Рас,** ***сурэтыщI*** **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IнатIэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ щытраддар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 10.125 • Заказ №3934